

Pwogram Vi Endepandan



Konsènan Pwogram Vi Endepandan

Pwogram Vi Endepandannan Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl, ankouraje epi sipòte yon filozofi vi endepandan pou moun ki gen gwo andikap ki swete konsève oswa ogmante nivo endepandans yo. Patenarya sa a ant leta ak gouvènman federal finanse 16 Centers for Independent Living (Sant pou Vi Endepandan, CIL) nan tout Florida. Yon eleman esansyèl Independent Living Program se State Independent Living Council (Konsèy Vi Endepandan Leta, SILC) a. Nan Florida, Florida Independent Living Council la jere SILC.

Sant pou Vi Endepandan

Yon CIL se yon òganis lokal ki pa gen objektif fè kòb konsomatè kontwole epi li bay senk (5) sèvis debaz pou pi piti ki favorize endepandans moun ki gen andikap. Chak CIL ofri sèvis vi endepandan anplis an fonksyon bezwen kominote a ak moun ki mande èd la. CIL ofri sèvis pou maksimize lidèchip, emansipasyon, endepandans ak pwodiktivite moun ki gen andikap. Objektif global sèvis CIL ofri yo se rive nan entegrasyon ak patisipasyon aktif moun ki gen andikap nan sosyete ameriken tradisyonèl.

Senk (5) Sèvis Debaz Florida Centers for Independent Living Ofri

1. Enfòmasyon ak oryantasyon
2. Fòmasyon sou konpetans pou vi endepandan
3. Pledwaye endividyèl ak sistematik
4. Konsèy kòlèg
5. Tranzisyon soti nan sant swen enfimye rive nan kominote a oswa divètisman pou moun ki nan plasman enstitisyonèl; epi ede jèn (ki gen 14 a 24 lane) ak lavi ak opòtinite aprè etid segondè.

Kontakte Independent Living Program



850-245-3492



850-245-3394



ILProgram@
vr.fldoe.org




www.RehabWorks.org/
indep_living.shtml



Florida Department of Education
Division of Vocational Rehabilitation
Florida Independent Living Program
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400



Sant pou Vi Endependan nan Florida yo



1	CIL of Northwest Florida	Pensacola	www.cilnwf.org
2	Disability Resource Center	Panama City	www.drcpc.org
3	Ability 1st	Tallahassee	www.ability1st.info
4	CIL Jacksonville	Jacksonville	www.CILJacksonville.org
5	CIL of North Central Florida	Gainesville	www.cilncf.org
6	disAbility Solutions for Independent Living	Daytona	www.dsil.org
7	CIL of Central Florida	Orlando	www.cilorlando.org
8	Resource Center for Disability Solutions	Rockledge	www.rcdsfl.org
9	Disability Achievement Center	Largo	www@mydacil.org
10	Self-Reliance	Tampa	www.self-reliance.org
11	SunCoast CIL	Sarasota	www.site.scil4u.org
12	Gulf Coast-Administered by CIL of Broward	Fort Myers	www.cilgulfcoastflorida.org
13	CIL of South Florida	Miami	www.cilsf.org
14	CIL of the Keys	Key Largo, www.facebook.com/Center-for-Independent-Living-of-the-Keys-13136977789	
15	Coalition for Independent Living Options	West Palm Beach	www.cilo.org
16	CIL of Broward	Ft. Lauderdale	www.cilbroward.org

Konsèy Vi Endependan

Konsèy Vi Endependan (Florida Independent Living Council, FILC) gen responsablite devlope State Plan for Independent Living (Plan Leta pou Vi Endependan, SPIL) an pou l kapab gide epi sipòte pi byen sèvis vi endependan pou moun k ap viv Florida ki gen pi gwo andikap. Gouvènè a nonmen manm konsèy yo pou l asire SPIL ki nan tout eta a reprezante bezwen vi endependan moun ki gen andikap. SPIL egzije FILC pran enfòmasyon sou bezwen vi endependan moun ki gen andikap nan tout Florida. Wòl SPIL se ofri sèvis vi endependan ki ede moun atenn objektif yo konsènan edikasyon, travay, lojman abòdab oswa tranzisyon ant sant swen ak kominote a. Manm konsèy la evalye SPIL aktyèl la sou baz pèmanan. SPIL bay Konsèy la ak CIL konsiy sou lansman aksyon sansibilizasyon pou idantifye epi atenn popilasyon yo pa byen desèvi pou yo kapab benefisye sèvis vi endependan. Lejislasyon federal ak etatik te kreye CIL ak FILC pou ede moun ki gen andikap konsève oswa ogmante kapasite yo pou yo mennen yo vi endependan.

Kontakte Konsèy Vi Endependan



850-488-5624



850-488-5881



info@floridasilc.org



www.FloridaSILC.org

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konvixsyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yo sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2020 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$153,000,001. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$41,409,148). Yo revize li ann oktòb 2020.